

X Oktòb, 2017

XXXXXX

XXXXXX

XXXXXX

Chè (name)

Egzansyon Pwojè swen SIDA (PAC) ke ou ladan ap chanje talè konsa. Lap chanje akoz chanjman ki gen nan lwa Florid la. Dat la pral depann de apwobasyon federal. Li espere rive bò 1er Janvye, 2018. Avèk chanjman sa yo, ou pap pèdi kalifikasyon Medicaid ou. Sèvis ou pap sispann oubyen change pou kounya. Wap kontinye resevwa sèvis lakay ou ak nan kominote ou.

Nan zòn 1er Janvye, 2018 ou prale nan Pwogram Medicaid Swen Alontèm nan. Kòmanse 1er Janvye, 2018 ou ap gen sèvis ou yo nan on plan Swen Alontèm. Nou pral travay avèk plan Swen Alontèm ke ou chwazi a pou chanjman ka ale swa.

Pwogram Swen Alontèm nan kouvri plis sèvis ke Egzansyon Pwojè swen SIDA (PAC). Plan Swen Alontèm yo ka ofri tou benefis siplemantè, kòm egzanp sèvis dantè ak medikaman san preskripsyon.

Ou ap resevwa yon lèt ki di byenvini pou pi ta 1er Desanb 2017. Lèt sa ap baw enfònasyon pou ka chwazi yon plan Swen Alontèm. Si ou pa chwazi yon plan Swen Alontèm rive nan dat ki nan lèt la, yo ap mete w nan yon plan Swen Alontèm. On fwa ou nan yon plan Swen Alontèm, ou ap gen 120 jou si ou ta vle chanje pou ale nan yon lòt plan. Apre 120 jou, si ou vle change plan, ou ap ka fè sa yon fwa pa ane nan yon tan espesyal yo rele "Anwolman Ouvri". Avan peryòd anwolman ouvri ou a Kòmanse, wap resevwa yon lèt rapèl ak enfòmasyon sou chwa plan yo.

Si ou anwole nan yon plan Kontwòl pou Assistans Medikal, ou pral kontinye resevwa sèvis medikal, dantè, sante konpòtman, ak medikaman sou preskripsyon nan men plan Medicaid ke ou gen kounye a. Pap gen okenn chanjman nan fason ou resevwa sèvis Kontwòl pou Assistans Medikal la. Ou ka chwazi chanje plan sante a pandan Anwolman Ouvri oubyen avèk on bon rezon. oubyen tou, ou ka chwazi antre nan plan Kontwòl pou Asistans Medikal ki espesyalize pou SIDA a nenpòt moman.

Si ou gen kesyon sou lèt sa, oubyen si ou pa resevwa lèt ki di byenvini an pou pi ta 1er Desanb 2017, tanpri rele liy Medicaid ki Kontwole Swen tout Eta Florid la nan nimero 1-877-711-3662.

Sensèman,

Shevaun Harris

Assistant Deputy Secretary for

## Medicaid Policy and Quality